

12 novanm, 2020

Chè fanmi Lekòl Piblik Boston,

Depi dènye fwa mwen te ekri nou an, nou fè anpil pwogrè, e mwen genyen kèk lòt mizajou pou m pataje avè n.

Premyèman, n ap finalize plan pou n pèmèt elèv yo retounen nan kat lekòl edikasyon espesyal lajounen nou yo ke m te mansyone semèn pase a : lekòl Carter, McKinley, Horace Mann School for the Deaf and Hard of Hearing, ak lekòl Henderson. Elèv nou idantifye antanke elèv ki genyen plis bezwen ap kòmanse aprantisaj an pèsòn nan lekòl sa yo lendi, 16 novanm. Nou te travay avèk kèk dirijan skolè, pwofesè, ak patnè nou yo nan sektè sante piblik la pou n finalize plan yo. Nou te resevwa [aprobasyon nan men Komisyon Sante Piblik Boston an](#) (BPHC) pou n reouvri bilding lekòl sa yo.

Après, kòm nou te ka tandè, Gouvènè Baker, Sekretè Peyser, ak Komisyonè Riley te pibliye kèk nouvo machasiv vandredi aprè midi ki te dekri nouvo apwòch eta a ap pran pou l ap kalkile e rapòte done sante piblik yo. Epitou yo te ankouraje distri skolè yo fè otan elèv ke posib retounen nan aprantisaj an pèsòn nan pi vit ke posib. Komisyon Sante Piblik Boston an (BPHC) ap egzamine depre nouvo apwòch eta a pou l mezire to enfeksyon yo ak enpak yo sou kapasite yon lekòl pou l resevwa elèv ak manm pèsònèl nan bilding li. Jiskaprezan nou genyen kèk travay pou n fè pou n byen konprann nouvo kalkil la, e n ap ba w plis mizajou sou sa semèn pwochèn.

Pandansetan, n ap kontinye reyini avèk Dirijan Skolè yo ak lidèchip distri a ak lidèchip sendika yo pou n diskite meyè fason nou kapab retounen nan aprantisaj an pèsòn nan. Nou tandè kòmantè plizyè nan nou ki di ke byenke aprantisaj aleka a amelyore anpil, pou plizyè elèv aprantisaj an pèsòn nan toujou sèvi kòm meyè apwòch. Nou detèmine pou n reouvri bilding lekòl yo pi vit ke posib, an kolaborasyon avèk vil la ak patnè n yo. Nou te lanse yon Gwoup Travay—ki genyen ladan l reprezantan Dirijan Lekòl, Sendika Pwofesè Boston yo (BTU), paran, elèv, ak reprezantan distri a—k ap bay konsèy sou plan pou n reouvri lekòl yo nan yon fason sekirite. N ap kenbe yon kontak sere avèk Komisyon Sante Piblik Boston an (BPHC) pandan n ap kontinye asire ke preparasyon n parapò ak sante ak sekirite reponn a tout nouvo syans ak gidans ajou yo.

Mwen espere ban nou kèk mizajou ankò.

Ansanm an solidarite,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan

